

NeMutungamiri Henry B. Eyring

Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri Hwekutanga

Musatya Kuita Zvakanaka

Ishe vanotitaurira kuti apo patinomira nerutendo pamusoro pedombo Ravo, kusava nechokwadi nekutya zvinoderedzwa; chido chekuita zvakanaka chinowedzera.

Mabhuratha nemasisita angu anodikanwa, ndinonamata zvakaninipa kuti Mweya waIshe unozova nesu apo pandinotaura nhasi. Mwoyo wangu uzere nokute nda kuna Ishe, uyo anova muridzi weChechi ino, nefemero yatanzwa mumnamato yakadzama, mharidzo dzakafemerwa, nekuimba kunenge kwengirozi mumusangano uno.

Kubvumbi akapfuura, Mutungamiri Thomas S. Monson vakapa shoko iro rakabata mwoyo yevanhu nepasi rose, kusanganisira wangu. Vakataura nezve simba reBhuku raMormoni. Vakatikurudzira kuti tinzvere, tifungisise, uye tishandise dzidziso rayo. Vakavimbisa kuti kana tikapira nguva zuva rega rega kukunzvera nekufungisira uye nekuchengeta mirairo iri muBhuku raMormoni, tinozova neuchapupu hwakakosha hwehuchokwadi hwaro, uye uchapupu hwatinozogashira hwaKristu anorarama hunozotibatsira kushingirira zvakanaka munguva dzedambudziko. (Ona “The Power of the

Book of Mormon,” *Liahona*, Chivabvu 2017, 86–87.)

Sevazhinji venyu, ndakanzwa mashoko emuporofita seizwi raIshe kwandiri. Uyewo, sevazhinji venyu, ndakasarudza kuteerera mashoko iwayo. Zvino, kubvira pandaiva mukomana mudiki, ndakanzwa mumwoyo mangu uchapupu hwekuti Bhuku raMormoni ishoko raMwari, kuti Baba neMwanakomana vakazviratidza uye vakataura naJoseph Smith, uye kuti Vaapositora vakare vakauya kuMuporofita Joseph kuzodzorerwa makii ehupirisita kuChechi yaIshe.

Neuchapupu ihwohwo, ndakaverenga Bhuku raMormoni mazuva ese kwemakore anopfuura makumi mashanu. Nokuti ndakaita izvi ndingadai ndakafunga zvine musoro kuti mashoko eMutungamiri Monson akanga achireverwa kune mumwe munhu kunze kwangu. Asi zvakadaro, sevazhinji venyu, ndakanzwa kurudziro yemuporofita nevimbiso yake ichindikoka kuti ndiedze zvakananyanya kusimba. Vazhinji venyu

makaita zvandakaita: makanamata nechido chakawedzerwa, mukafungisisa gwaro dzvene nechido chakanyanya, uye mukaedza zvakasimbisa kushandira Ishe nevamwe kuitira Ivo.

Magumo anofadza kwandiri, uye nekune vazhinji venyu, akave izvo zvakavimbiswa nemuporofita. Avo vedu vakagashira zvakadzama rairo yakafemerwa iyi takanzwa Mweya zvakajekesa. Takawana simba rakakurisa rekukunda chiedzo uye takanzwa rutendo rukurusa muna Jesu Kristu akamutswa kuvakafa, muvhangeri Rake, uye muChechi inorarama Yake.

Munguva ino yekuwanda kwemhirizhonga munyika, wedzero idzodzo muuchapupu dzinodzingira kunze kusatenda nekutya uye dzotitunzira manzwiwo erunyararo. Kuteerera rairo yeMutungamiri Monson kwava nemimwe migumisiro miviri kwandiri: Kutanga, Mweya wavakavimbisa waburitsa manzwiwo etariro yakanaka pamusoro pezvichaitika mune ramangwana, kunyange apo mhirizhonga munyika painoratidzika kuwedzera. Uye, chechipiri, Ishe vakapa ini—nemi—manzwiwo akatonyanya kukurisa erudo Rwavo rweavo vari mukutambudzika. Takanzwa chido chakawedzera chekuenda kurununu-ro rwevamwe vanhu. Chido ichocho chiri musimboto mukuru mumharidzo nedzidziso zveMutungamiri Monson.

Ishe vakavimbisa rudo kune vamwe uye ushingi kuna Muporofita Joseph Smith naOliver Cowdery apo mabasa aiva mberi kwavo paakararatidzika kuva akarema. Ishe vakati ushingi hwavaizoda hwaizouya kubva kurutendo rwavo maVari sedomboravo:

“Musatye kuita zvakanaka, vana-komana vangu, nokuti pane chose chamunodyara, icho ndicho cha-muchakohwawo; naizvozvo, kana mukadyara kunaka, muchakohwawo chakanaka semubairo wenyu.

“Nokudaro, musatye, imi vegunga-no diki; itai zvakanaka: regai nyika negehena zvikukutsiranei, nokuti kana makavakira padombo rangu, hazvikukwanisei.

“Tarisai, handikutongi, endai nenzira dzenyu uye musatadze-zve; itai muchiziva zvamuri basa randakakurairai.

“Tarisai kwandiri mupfungwa yose; musashaya chokwadi, musatye.

“Tarisai maronda akabaiwa parutivi rwangu, uye nemavanga ezvipikiri ari mumaoko netsoka dzangu; ivai nerutendo, chengetai mirairo yangu, uye muchagara nhaka yeumambo hwekudenga” (D&Z 6:33–37).

Ishe vakataurira vatungamiri Vavo veKudzorera Chechi, uye Vanotaurira isu, kuti apo patinomira nerutendo pamusoro pedombo Ravo, kusava nechokwadi nekutya zvinoderedzwa; chido chekuita zvakanaka chinowedzera. Apo patinotambira kukoka kweMutungamiri Monson kwekudyara mumwoyo yedu uchapupu hwa-Jesu Kristu, tinowana simba, chido, neushingi hwekuenda kurununuro rwevamwe tisina hanya yezvidikanwi zvedu pachedu.

Ndakaona rutendo irworwo neushingi ihwohwo nguva zhinji apo Vatendi veMazuva Ekupedzisira vanotenda pavakatarisana nezviedzo zvinotyisa. Semumwe muenzaniso, ndakanga ndiri kuIdaho apo pakaputsika Dhamu reTeton musi waChikumi 5, 1976. Mudhuri wemvura wakaduruka pasi kubva mudhamu iroro. Zviuru zvevanhu zvakatiza kubva mudzimba dzavo. Zviuru zvedzimba nemabhizimisi zvakapadzwa. Nechishamiso, vanhu vasingadarike gumi nevashanu vakauraiwa.

Zvandakaona ikoko, ndakazviona apo pose Vatendi vaMazuva Eku-pedzisira pavanomira vakasimba padombo reuchapupu hwaJesusu

Kristu. Nokuti vane chokwadi chekuti Anovatarira, vanova vasingatye. Vanokanganwa zviedzo zvavo pachavo uye voenda kunobatsira vamwe. Uye vanozviita nokuda kwerudo rwavo kuna Ishe, vasingakumbire kana mubairo.

Semuenzaniso, apo pakaputsika Dhamu reTeton, mumwe murume nemukadzi wake avo vaiva veVatendi vaMazuva Ekupedzisira vakanga vachifamba, uye vava makiromita mazhinji kubva kumba kwavo. Apo pavakangonzwa nhau dzacho pare-dhiyo, vakabva vakurumidza kudzokera kuRexburg. Pane kuti vaende kumba kwavo pachavo kunoona kana yakanga yaparadzwa, vakaenda kunotsvaga bhishopi wavo. Akanga ari muchivako icho chakanga chichishandiswa senzvimbo yokurongera mabasa eruponeso. Akanga achibatsira kutungamirira zviuru zvevabatsiri avo vakanga vachisvika nemabhazi echikoro eyero.

Murume uyu nemukadzi wake vakaenda kuna bhishop uye vakati, “Tichangodzoka. Bhishopi, ndekupi kwatingaende kunobatsira?” Akavapa mazita eimwe mhuri. Murume nemukadzi wake avo vakagarapo vachibvisa madhaka nemvura kubva mudzimba dzakawanda. Vakashanda kubvira mambakwedza kusvika kwa-sviba kwemazuva akawanda. Pakupedzisira vakazozorora kuti vanoona nezve imba yavo pachavo. Yakanga yayeredzwa nemafashamo, achisiya pasina chinhu chekuchenesa. Saka vakadzokera nekukurumidza kuenda kuna Bhishopi wavo. Vakabvunza kuti, “Bhishopi, mune mumwe munhu here wekuti tibatsire?”

Chishamiso cheushingi nerudo rwakadzama zvinoitwa nerunyaro—rudo rutsvene rwaKristu—zvadzokororwa pamakore mazhinji uye nepasi rose. Zvakaitika mumazuva akaipisa ekutambudzwa uye ezviedzo panguva yeMuporofita Joseph Smith muMissouri. Zvakaitika apo Brigham Young paakatungamirira kubuda kwevazhinji kubva kuNauvoo uye akazodaidza Vatendi kuti vabve

kunzvimbo dzese dzekumadokero kweUnited States, kuti vanobatsirana kumisa Zionia ralshe.

Kana mukaverenga zvinyorwa zve-mujenari zvevatangi ivavo, munooona chishamiso cherutendo chichibvisa kusava nechokwadi nekutya. Uye munoverenga nezveVatendi vachisi-ya zve maererano navo kunobatsira mumwewo munhu kuitira Ishe, vasati vadzokera kuhwai dzavo pachavo kana kuminda isina kurimwa yavo pachavo.

Ndakaona chishamiso chimwechetecho mazuva mashomanana akapfuura ayo mushure mekuparadzwa kwakakonzwerwa neDutu Guru Irma muPuerto Rico, Saint Thomas, neFlorida, uko Vatendi vaMazuva Ekupadzisira kwavakabatana nema-mwe machechi, zvikwata zvevagari vemunharaunda, nemasangano emu-nyika kuti vatange mabasa ekutsvaira nekuchenesa.

Seshamwari dzangu muRexburg, mumwe murume nemukadzi wake vasiri nhengo dzeChechi yedu avo vanogara muFlorida vakananga pakubatsira vagari vemunharaunda mavo pane kushanda pamusha wavo pachavo. Apo vamwe vavakidzani veVatendi vaMazuva Ekupedzisira pavakazvipira kubatsira nemitivi miviri mikuru yakanga yavhara nzira yavo yekupinda pamba nemotokari, murume nemukadzi wake avo vakatsanangura kuti vakanga vakundikana nokudaro vakanga vasarudza kunangisa simba ravo pakubatsira vamwe, vaine rutendo rwekuti Ishe vaizovapa rubatsiro rwavaida pamba pavo pachavo. Murume wacho zvino akagovera kuti nhengo dzeChechi yedu dzisati dzasvika nezvido zverubatsiro, iye nemukadzi wake vakanga vachinamata. Vakanga vatambira mhinduro yekuti rubatsiro rwaizouya. Rwakauya mukati memaawa mashomanani mushure mevimbiso iyoyo.

Ndakanzwa shoko rekuti vamwe vakatanga kudaidza Vatendi vaMazuva Ekupedzisira vakapfeka matii-sheti eyero eMaoko Erubatsiro kuti “Ngirozi dzeYero.” Mumwe Mutendi

weMazuva Ekupedzisira akaenda nemotokari yake kuti inogadzirwa, uye murume akamubatsira ikoko akatsanangura “chiitiko chemweya” chaakava nacho apo vanhu vaiva vakapfeka masheti eyero pavakabvisa miti kubva muchivanzi chake uye zvino, akati, “vakaimba rumwe rumbo kwandiri pamusoro pekuva mwana waMwari.”

Mumwe mugari wemuFlorida—zvakare asiri wechitendero chedu—akarondedzera kuti Vatendi vaMazuva Ekupedzisira vakauya kumba kwake apo paakanga achishanda muchivanzi chake chakanga chaparadzwa uye achinzwa kukundikana, achipiswa zvakanyanyisa, uye avapadyo nekuchema. Vapi verubatsiro ava vakaita, nemumazwi ake, “chishamiso chaicho icho.” Vakashandira kwete chete neushingi asiwo nekuseka nekunyemwerera, vasingatambire chinhu semubairo webasa ravaiita.

Ndakaona ushingi ihwohwo uye ndikanzwa kuseka ikoko apo, zuva ravakunodoka uri musu weMugovera, ndakashanyirana nechikwata cheVatendi vaMazuva Ekupedzisira muFlorida. Vapi verubatsiro ava vakamira basa ravo rekuchenesa kwenguva yakareba zvakanakwana zvekuti ndikwazisane chishanu navo. Vakati nhengo makumi mapfumbamwe dzesiteki yavo muGeorgia dzakanga dzaita chirongwa chekuti dzitore chinhano mubasa rokunura muFlorida usiku hwakanga hwuchangopfuura.

Vasimuka kubva muGeorgia na4:00 mangwanani, vakatyaira motokari kwemaawa mazhinji, vakashanda nemuzuva rese uye nemuusiku, uye vakanga varonga kushanda zvakare zuva raitevera.

Vakazvitsanangura kwandiri zvese vaine kunyemwerera nenyambo dzakanaka. Shungurudzo imwechete yandakaona yaiva yekuti vaidakuti kutendwa kuchimiswa kuitira kuti vadzokere kubasa. Mutungamiri wesiteki akanga atangisazve mushini wake wekuchekesa uye

akanga achishanda pamuti wakanga wadonha uye bhishopi akanga achibvisa mapazi emuti apo patakapinda mumotokari medu kuti tiende kunoshanyira chikwata chevanunuri chaitevera.

Pashure zuva iroro, apo pataibva paneimwe nzvimbo, mumwe murume akafamba achiuya kumotokari yedu, akabvisa nguwane yake, akatitenda nevapi verubatsiro ava. Akati, “handisi nhengo yechechi yenyu. Handikwanise kubvuma zvamaitira. Mwari vakuropafadzei.” Mupi werubatsiro weVatendi vaMazuva Ekupedzisira akanga akamira parutivi pake akapfeka sheti yake yeyero akanyemwerera uye akakwidza mapendeke te ake sekunge akanga asingakodzere rumbidzo.

Apo vapi verubatsiro vakabva kuGeorgia pavakanga vauya kuzobatsira murume uyu akanga asingazvibvume, mazana eVatendi vaMazuva Ekupedzisira vaibva kunzvimbo yakaparadzwa iyoyo yeFlorida vakanga vaenda mazana emakiromita kumadzananyemba kune imwe nzvimbo muFlorida uko kwavakanga vanzwa kuti vanhu vakanga vatambudzwa zvakananyisa.

Zuva iroro ndakayeuka uye ndikanzwisisa zvirinani mashoko ehuporofita eMuporofita Joseph Smith: ekuti, “Munhu azere nerudo rwaMwari, haagutsikane nekuropafadza mhuri yake yega, asi anotsvaga nemunyika yose, achida zvikuru kuropafadza rudzi rwevanhu rwese” (*Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* [2007], 426).

Tinoona rudo rwakadaro muupenyu hweVatendi Vamazuva Ekupedzisira kwose kwose. Nguva yega yega yapanove nechiiitiko chine njodzi kupi zvako panyika, Vatendi vaMazuva Ekupedzisira vanopa zvinhu uye vanozvipira kumabasa eChechi ekubatsira vanhu. Chikumiro chekupa rubatsiro kazhinji hachidikanwi. Pachokwadi, panedzimwe nguva, tinotokumbira avo vanozoda kupa rubatsiro kuti vamire kuenda kunzvimbo dzinorongerwa zveruponeso

kusvikira avo vanotungamirira basa racho vagadzira kuvatambira.

Chido chekuropafadza muchero wevanhu vari kutambira uchapupu hwaJesu Kristu, vhangeri Rake, Chechi Yake yakadzorerwa, uye nemuporofita Wake. Ndicho chikonzero chinoita kuti vanhu vaIshe vasashaye chokwadi uye vasatye. Ndicho chikonzero chinoita kuti vashumiri vazvipire kuno shandira mukona yese yepanyika. Ndicho chikonzero chinoita kuti vabereki nevana vavo vanamatire vamwe. Ndicho chikonzero chinoita kuti vatungamiri vakoke vechidiki vavo kuti vatambire nemwoyo wose chikumiro cheMutungamiri Monson chekuti vanzvere Bhuku raMormoni zvakanakama. Muchero uyu hauwuyi kwete nokuda kwekukurudzirwa nevatungamiri asi asi nekuda kwevechidiki nenhengo vachishanda parutendo. Rutendo irworwo, rwaiswa muchiito, chinoda kuzvipira kusina chidingoveni, rounounza shanduko yemwoyo inovabvumira kuti vanzwe rudo rwaMwari.

Mwoyo yedu, zvisinei, inoramba yakashanduka chete kana tikaramba tichitevera rairo yemuporofita. Kana tikamira kuedza mushure mekuedza kukuru kumwechete, shanduko iyoyo inozopera.

Vatendi vaMazuva Ekupedzisira vakawedzera rutendo rwavo muna Ishe Jesu Kristu, muchokwadi chekuti Bhuku raMormoni ishoko raMwari, uye mukudzorerwa kwemakiyi ehupirisa muChechi Yavo yechokwadi. Uchapupu hwakawedzera ihwohwo hwakatipa ushingi hukurusa nehanya huru kune vamwe vana vaMwari. Asi zvinetso zvacho nemikana zviru mberi zvinozoda zvakananyisa zvakanakama.

Hatikwanise kufanoona zvazvakananyastaita chaizvo, asi tinoziva zvichaitika mune ramangwana. Tinoziva kuti mumazuva ekupedzisira, nyika ichava munyonga nyonga. Tinoziva kuti mukati mematambudziko api zvawo anouya, Ishe vachatungamirira Vatendi vaMazuva Ekupedzisira vakatendeka kuti vaendese vhangeri raJesu Kristu kurudzi rwose, hama

dzose, ndimi dzose, nevanhu vose. Uye tinoziva kuti vadzidzi vecho-kwadi vaIshe vanozova vakakodzera uye vakagadzirira kuMugashira apo paAnouya zvakare. Hatifanire kutya.

Saka, kunyange tiri takatovaka rutendo neushingi mumwoyo medu, Ishe vanotarisa zvakawanda kubva kwatiri—uye nekubva kuzvizvarwa zvemumashure medu. Vanozofanira kuva vakasimbisa pamweya uye vakashingisisa nokuti vachazoita zvinhu zvakakurisisa uye zvakaomesesa kupinda zvatakaita. Uye vachatarisana nepikiso yakawedzerwa kubva kumuvengi wemweya yedu.

Nzira yekuwana tariro munera-mangwana apo patinofambira mberi yakapihwa naIshe: “Tarisai kwandiri mupfungwa yose; musashaya chokwadi, musatye” (D&Z 6:36). Mutungamiri Monson vakatitaurira maitiro aizvozvo. Tinofanira kufungisisa nekushandisa misimboto inowanikwa muBhuku raMormoni nemumashoko evaporofita. Namatai nguva dzose. Ivai munotenda. Kushandira Ishe nemwoyo wedu wose, nekugwinya kwedu kwose, nepfungwa dzedu dzose, uye nesimba redu rose. Tinofanira kunamata nesimba rose

remwoyo yedu kuitira kuti tigowana chipo cherudo rwakadzama, rudo rwutsvene rwaKristu (ona Moronai 7:47–48). Uye kupfuura zvimwe zvose, tinofanira kutsiga nekushinga mukutevera rariro yehuporofita.

Kana nzira yakaoma, tinokwanisa kumira nevimbiso yaIshe—vimbiso iyo Mutungamiri Monson yavakatiye-uchidza nezvayo pavakatapa kazhinji mazwi aya eMuponesi: “Anizvake achakugashirai, ipapo ndichavepowo, nokuti ndichaenda pamberi pehuso hwenyu. Ndichange ndiri kurudyi rwenyu nokuruboshwe rwenyu, Mweya wangu uchange uri mumwoyo yenyu, uye ngirozi dzangu dzakakomberedzai, kuti dzikusimudzirei pamusoro.” (D&Z 84:88).

Ndinopupura kuti Ishe vanonda mberi kwehuso hwenyu apo pese pamunenge muri pabasa Ravo. Dzimwe nguva uchange uri ngirozi inotumwa naIshe kuno simudzira vamwe pamusoro. Dzimwe nguva uchange uri iwe wakakomberedzwa nengirozi dzinokusimudzira pamusoro. Asi muchazove nguva dzose neMweya Wavo kuti uve mumwoyo menyu, sekuvimbiswa kwamakaitwa mumusangano wega wega

wesakaramende. Munongofanira chete kuchengeta mirairo Yake.

Mazuva akanakisisa ari mune ramangwana kuhumambo hwaMwari pano pasi. Pikiso ichasimbisa rutendo rvedu munaJesusu Kristu, sezvayakaita kubvira mamazuva eMuporofita Joseph Smith. Rutendo runokurira kutya nguva dzose. Kushanda pamwechete kunoburitsa kubatana. Uye minamoto yenyu yeavo vanoshaya inonzwika uye inopindurwa naMwari vanerudo. Havakotsiri uye Havavati.


Ndinopa uchapupu hwangu hwekuti Mwari Baba vanorarama uye vanoda kuti muuye kumusha kwaVari. Iyi iChechi yechokwadi yaIshe Jesu Kristu. Vanokuzivai; Vanokudai; Vanokutarirai. Vakaripira zvita-dzo zvenyu nezvangu uye zvitadzo zvevana vese vaBaba Vekudenga. KuVatevera muupenyu hwenyu uye mumushandiro wenyu kune vamwe ndiyo nzira chete yekuupenyu hwekusingaperi.

Ndinopupura uye ndinokusiirai ropafadzo rangu nerudo rwangu. Nemuzita rinoyera raJesusu Kristu, ameni.

Dzidziso dzeNguva Yedu

Kubva muna Mbudzi 2017 kusvika muna Kubvumbi 2018, Zvidzidzo zveHupiri-sita hwaMerkizedeki nezveChita cheRubatsiro zveSvondo yechina zvinofanira kugadzirira kubva munhaurwa imwechete kana kupfuura dzakapihwa mumusangano mukuru waGumiguru 2017. Muna Kubvumbi 2018, nhaurwa dzingangosarudzwa kubva mumusangano mukuru waKubvumbi kana waGumiguru. Vatungamiri vesiteki nevematunhu vanosarudza nhaurwa idzo dzinozoshandiswa munharaunda dzavo, kana kuti vangangogovera basa iri kumabhishopi nevatungamiri vemapazi.

Nhaurwa idzi dzinowanikwa mundimi dzakawanda kubva ku conference.lds.org.



NeMutungamiri Dieter F. Uchtdorf
Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hwekutanga

Vanasikana Vatatu

Hudzidzi hwedu pachedu huri mumaoko edu, uye hazvina—kana chimwe chinhu—chekuita nenzira yatinobatwa nayo nevamwe.

Masisita anodikanwa, shamwari dzinodikanwa, kutanga musangano mukuru nechikamu chemasisita epasi rose chinhu chinokosha uye chakanakisisa. Ingo-fungidzirai: masisita emazera ose, emamiriro ose, emarudzi ose, uye endimi dzose akabatana murutendo nemurudo rwaIshe Jesu Kristu.

Apo patakasangana munguva pfupi yapfuura nemuporofita wedu anodikanwa Mutungamiri Thomas S. Monson, vakataura kwatiri madiro avanoita Ishe. Uye ndinoziva kuti Mutungamiri Monson vanotenda zvikuru nerudo rwenyu, minamoto yenyu, uye neku-zvipira kwenyu kuna Ishe.

Imwe nguva refu yakapfuura iyo munyika iri kure maigara mhuri yevanasikana vatatu.

Mwanasikana wekutanga akanga **akasuwa**. Zvinhu zvese kubva kumhuno yake kusvika kuchirebvu chake uye kubva kuganda rake kusvika kuzvignuwe zvetsoka zvake zvairatidzika sezvisina kunyatsonaka zvakakwana kwaari. Apo paaitaura, mazwi ake dzimwe nguva aibuda zvisirikwazvo, uye vanhu vaiseka. Kana mumwe munhu akamushoropodza, kana kurega kumukoka kune chimwe

chinhu, ainyadzwa nazvo, osuduruka, uye otsvaga nzvimbo yakavandika apo painotura mafemo akasuwa uye achishamisika kuti sei upenyu hwakanga huchiwodza mwoyo uye husingafadze zvakadaro.

Mwanasikana wechipiri akanga **akatsamwa** Aizvifunga semunhu akanga ainenjere zvikuru, asi nguva dzose paive nemumwe munhu aitsvunha zviripamusoro mubvunzo kuchikoro. Aizvifunga semunhu anenyambo, akanaka, anopfeka mbatya dzakanaka, uye anonakidza. Asi nguva dzose, zvairatidzika kuti kune mumwe munhu aive nenyambo dzirinani, akanakisa, anopfeka mbatya dzakanyanya kunaka, kana ainyanya kunakidza.

Akanga asiri wekutanga pachinhu chipi zvacho, uye izvi akanga asingakwanise kuzvitambira. Upenyu hwakanga husingafanire kuva nzira iyi!

Dzimwe nguva aipopotera vamwe, uye zvairatidzika kuti aigara nguva dzose aripadyo nekushatiriswa nezvinhu zvakanwanda.

Hongu, izvi hazvinakumuita kuti anyanye kudiwa kana kukurumbira. Dzimwe nguva airuma mazino ake, opfumbata zvibhakera zvake,

uye ofunga kuti, “Upenyu hahwuna ruenzaniso!”

Zvino paive nemwanasikana wechitatu. Mukusiyana nemadziko—ma ake suwa, natsamwa, akanga—ari **anofara**. Uye zvakanga zvisiri nekuda kwekuti akanga aine njere dzakanyanya kana kuti akanyanya kunaka kana kuti aikwanisa zvakananyanya kupinda madzikoma ake. Kwete, vanhu dzimwe nguva vaimunzvenga kana kumuona seasipo. Dzimwe nguva vainyomba zvainge akapfeka kana zvinhu zvaaitaura. Dzimwe nguva vaitaura zvinhu zvakaipa pamusoro pake. Asi haana kumbobumira zvese izvozvo kuti zvinyanye kumunetsa.

Mwanasikana uyu aida kuimba. Akanga asingaimbe zvakanyatsonaka, uye vanhu vaiseka nezvazvo, asi izvi hazvina kumumisa. Aiti, “Handizi kuzoita kuti vamwe vanhu nezvavanofunga zvindiregedzese kuimba!”

Chokwadi ichocho chekuti akaramba achiimba chakaita kuti mukoma wake wekutanga asuwe uye mukoma wake wechipiri atsamwe.

Makore mazhinji akapfuura, uye pekupedzisira mwanasikana mumwe nemumwe akasvika pakupera kwenyu yake pasi.

Mwanasikana wekutanga, uyo akawana nguva nenguva kuti kwakanga kuine zvigumbu zvakanwanda muupenyu, pekupedzisira akafa **akasuwa**.

Wechipiri, uyo zuva rega rega aiwana chimwe chinhu chitsva chekusada, akafa **akatsamwa**.

Uye mwanasikana wechitatu, uyo akapedza upenyu hwake achiimba rumbo rwake nesimba rake rose uye nerunyemwerero rune ruvimbo pachiso chake, akafa **akafara**.

Hongu, upenyu haumbofa hwa-kava nyore, uye vanhu havambofa vakafanana uye vasingashanduke sevanasikana vatatu ava munyaya ino. Asi kunyange mienzaniso yakanyanya sei iyi inokwanisa kutidzidzisa chimwe chinhu pamusoro pedu. Kana wakaita sevazhinji vedu, ungangodaro waona chikamu chako pachako mumumwechete, muvaviri, kana zvimwe vese vatatu vevanasikana ava. Ngatitarisisei pane mumwe nemumwe wavo.

Mutadzirwi

Mwanasikana wekutanga aizviona semutadzirwi—semumwe munhu aitongerwa. ¹ Zvairatidzika sekuti zvinhu zvinji zvairamba zvichiitika kwaari zvaimuita kuti ashungurudzike. Nemaonero akadai ehupenyu, akanga achipa vamwe simba pamusoro pamanzwiro emwoyo nemaitiro ake. Apo patinoita izvi, tinozungunusirwa kwese kwese nemhepo yese yezvinofungwa—uye muzuva rino renhepfenyuro dzeindaneti dzinowanikwa kwese kwese uye dzinoshandiswa nemunhu wese, pfungwa idzodzo dzinokwanisa kukurumbira zvikuru uye dzichitorwa zvakasimbisisa.

Masisita anodikanwa, sei muchifanira kupa rufaro rwenyu kune mumwe munhu, kana chikwata chevamwe vanhu, vasina hanya nemi kana nerufaro rwenyu?

Kana mukazviwana muchinetseka pamusoro pezvinotaurwa nevamwe vanhu pamusoro penyu, ndingape zano remurapo iri: yeukai kuti muri ani. Yeukai kuti muri veimba yeushe hweumambo hwaMwari, vanasikana veVabereki Vekudenga, avo vanotonga pasi nedenga rose.

Une kwaniso yekuva saMwari. Une zvipo zvinoshamisa zvakabva mukusikwa kwako kwemweya uye zvakakudziridzwa munguva yakareba zvikurusa yeupenyu hwako usati wauya panyika. Uri mwana waBaba vedu Vekudenga vane tsitsi uye vasingaperi, Ishe veHondo, Avo vakasika zvose pasi nedenga, vakaparadzira

nyenyedzi dzinotenderera nemukupamhamha kuru kuru kwedenga, uye vakaisa nyika munzira madzo madzakasikirwa .

Uri mumaoko Avo.

Maoko akanakisisa.

Maoko ane rudo.

Maoko anotaririra.

Uye hapana chimwe chinhu chinofa chakataurwa nemumwe munhu pamusoro pako chinga shandura izvozvo. Mazwi avo haareve chinhu mukuenzaniswa nezvakataurwa naMwari pamusoro pako.

Uri mwana Wavo anokosha.

Vanokuda.

Kunyange apo paunotadza, kunyange paunobva paVari, Mwari vanokuda. Kana uchinzwawakarasi, wakasiwa uri wega, kana wakanganikwa—usatye. Mufudzi Akanaka achakuwana. Achakusimudza pama-fudzi Ake. Uye Achakutakura kuenda kumba.²

Masisita angu anodikanwa, ndapota regai zvokwadi zvehumwari izvi zvidzike zvakadzama mumwoyo penyu. Uye munozoona kuti pane zvikonzero zvakanwanda zvekuti musa suwe, nokuti mune magumo asingaperi ekuzadzikisa.

Muponesi anodikanwa wenyika akapa upenyu Hwake kuitira kuti mugokwanisa kusarudza kuita kuti magumo iwayo aitike. Makatora pamuri zita Rake; Muri vadzidzi Vake. Uye nekuda Kwake, munokwanisa kuzvipfekedza nengu dzekubwinya kwekusingaperi.

Muvengi

Mwanasikana wechipiri akanga akashatirirwa nyika. Semukoma wake akanga akasuwa, ainzwa kuti zvintso zviru muupenyu hwake zvose zvikonzerwa nemumwe munhu. Aipa mhosva kumhuri yake, shamwari dzake, mutungamiri wake wepabasa uye vamwe vaaishanda navo, mapurisa, vavakidzani, vatungamiri veChечи, zvipfeko zvaivako nguva iyoyo, kunyange simba rekupenya kwezuya, uye munyama ungori pachena. Uye akapopotera kwazviru zvose.

Akanga asingazvifunge iye semunhu aneutsinye. Pane kudaro, ainzwa kuti akanga ari kungozvidzivirira chete. Vamwe vanhu vese, aitenda kuti vaikurudzirwa nechindingoveni, zvinhu zvisina basa, neruvengo. Iye, nerimwe divi, aikurudzirwa nezvido zvakanaka—ruenzaniso, hunhu hwa-kanaka, nerudo.

Kuipa kwazvo ndekwekuti, nzira yemafungiro emwanasikana akanga akatsamwa anowanika kazhinji zvikuru. Izvi zvakaonekwa mudzidzo yenguva pfupi yapfuura iyo yakangorora kurwisana pakati pezvikwata zvino pikisana. Sechikamu chedzidzo iyi, vatsvagi veruzivo vakabvunzurudza maPalestinian nemaIsraeli muMiddle East, uye maRepublican nemaDemocrat muUnited States. Vakaona kuti “divi rimwe nerimwe rainzwa kuti chikwata chavo pachavo [chakanga] chichikurudzirwa nerudo kupfuura ruvengo, asi apo pavakabvunzwa kuti sei chikwata chavo chevapikisi [chakanga] chichitora chihano mukurwisana vakanongedzera kuruvengo sechinhu chaikurudzira [icho chimwe] chikwata.”³

Nemamwe mazwi, chikwata chimwe nechimwe chaizvifunga icho pachacho “sevanhu vakanaka”—vaneruenzaniso, vanetsitsi, uye vanechokwadi. Mukusiyana, vaiona vapikisi vavo “sevanhu vakaipa”—vasina ruziwo, vanonyepa, kunyange vakaipa.

Mugore randakazvarwa, nyika yakanga iri mukati mehondo yakapisa iyo yakaunza kutambudzika kunorwadza uye nerusuwo rukuru kunyika. Hondo iyi yakakonzerwa nerudzi rwangu pachangu—nechikwata chevanhu chaiona zvimwe zvikwata sezvakaipa uye chikakurudzira revengo kwazviru.

Vakanyaradza avo vavakanga vasingade. Vakavanyadzisa uye vakanyepa kuti vakanga vakaipa uye vari mhondi. Vaivaona sevaripasi—kunyange vari pasi pekuva vanhu. Apo pamunongodzirikisa chikwata chevanhu, kazhinji munwana chikonzero chekuenzanisa mazwi nezviito zvechisimba kwavari.

Ndinodendera pandinofunga pamusoro pezvakaaitika muGermany yezana remakore rechimakumi maviri.

Apo mumwe munhu paanopikisa kana kusawirirana nesu, zvinokukwezvera kuti usvike pakufunga kuti panofanira kuve nechimwe chinhu chakaipa pavari. Uye kubva ipapo zvirinyore chaizvo kuisa zvinangwa zvakaipisisa kumazwi nezviito zvavo.

Hongu, tinofanira nguva dzose kumirira izvo zvakanaka, uye pane dzimwe nguva apo patinofanira kusimudza mazwi edu kuzvitsigira zvinhu izvozvo. Zvisinei, apo patinozviita nehasha kana neruvengo mumwoyo yedu—apo patinopopotera vamwe kuti tivarwadzise, tivanyadzise, kana kuvanyaradza—zvingangova kuti hatizi kuzviita muururami.

Muponesi akadzidzise?

“Asi tarisai ini ndinoti kwamuri: Idai vavengi venyu, muropafadze vanokutukai, munitire zvakanaka vanokuvengai, munamatire vanokutambudzai nekukushorai;

“Kuti muve vana vaBaba venyu vari kudenga.”⁴

Iyi ndiyo nzira yeMuponesi. Ndiyo nhano yekutanga mukupunza zvimhinga mipinyi zvinokonjera kushatirwa, ruvengo, kupesana, uye nekurwisana munyika kwakawanda kudaro.

“Hongu,” mungangoti, “Ndingada kuda vavengi vangu—kana chete vachida kuita zvimwechetezvo.”

Asi izvo hazvinyanyova nebasa, zvinaro here? Hudzidzi hwedu pachedu huri mumaoko edu, uye hazvina—kana chimwe chinhu—chekuita nenzira yatinobatwa nayo nevamwe. Pachokwadi tinovimba kuti vanozonzwisisa uye vainetsitsi kwatiriwo, asi rudo rwedu *kwavari* haruneyi nemanzwiwo avo *kwatiri*.

Zvimwe kuedza kwedu kuda vavengi vedu kuno pfavisa mwoyo yavo uye kwovakurudzira kuita zvakanaka. Zvimwe hakuzovakurudziri. Asi izvo hazvishandure kuzvipira kwedu kwekutevera Jesu Kristu.

Nokudaro, senhengo dzeChechi yaJesu Kristu, tinozoda vavengi vedu.

Tinozokurira hasha kana ruvengo.

Tinozozadza mwoyo yedu nerudo rwevana vose vaMwari.

Tinozonnavira kuti tiropafadze vamwe nekuvashandira—kunyange avo vangango “titambudza nekutishusha.”⁵

Mudzidzi weChokwadi

Mwanasikana wechitatu anomirira mudzidzi wechokwadi waJesu Kristu. Akaita chimwe chinhu chinokwanisa kuoma zvikuru kuita: akavimba naMwari kunyange mukusangana nekunyombwa nedambudziko. Neimwe nzira akachengetedza rutendo rwake netariro yake, zvisinei nekuzvidzwa uye kusatenda zvakananga zvakamukomberedza. Akararama azere nemufaro kwete nokuti mamiriro ezvinhu ake akanga azere nerufaro asi nokuti *iye* akanga aine rufaro.

Hapana mumwe wedu anofamba nemurwendo rweupenyu asingapikiswe. Nevarwisi vakawanda varikuedza kutisudurutsira kure, tinochengeta sei zvinangwa zvedu zvakanangiswa parufaro rwunoshamisa rwakavimbiswa kune vakatendeka?

Ndinotenda kuti mhinduro inokwanisa kuwanika muchiroto icho chakava nemuporofita zviuru zvemakore zvakaipfuura. Zita remuporofita uyu rinonzi Rihai, uye chiroto chake chakanyorwa muBhuku raMormoni iro rinokosha uye rinoshamisa.

Muchiroto chake, Rihai akaona munda mukuru, uye mauri mai-va nemuti unoshamisa, wakanga wakanaka zvinopfuura tsanangudzo. Akaonawo zvikwata zvizhinji zvevanhu vaifamba vachienda kumuti uyu. Vaida kunodya muchero wawo waishamisa zvikuru. Vakanzwa uye vakavimba kuti waizovapa rufaro rukuru nerunyararo rusingaperi.

Paive nekanzira katete kaitungamirira kumuti uyu, uye parutivi pako paive nedanda resimbi rakavabatsira kuti varambe vari mukanzira aka. Asi kwakanga kuinewo mhute yerima iyo yakadzikatidza kuona kwavo zvese nzira nemuti. Uye zvimwe, njodzi yakanyanya kukura yaiva ruzha

rwekuseka kukuru nekunyomba zvaibva muzimba guru uye rakapamhama raiva padyo. Zvinovhundutsa ndezvekuti, kunyomba uku kwakatopwisa vamwe vanhu vakanga vasvika pamuti uye vakadya muchero unoshamisa kuti vatange kunzwa kunyadzwa uye vakadzungaira vachibva pauri.⁶

Zvimwe vakatanga kusava nechokwadi chokuti muti uyu wakanga wakanaka sezvavaimbofunga. Zvimwe vakatanga kubvunza huchokwadi hwezvakanga zvaitika kwavari.

Pamwe vakafunga kuti vakabva pamuti, upenyu hwaizoita nyore. Pamwe havaizonyombwa kana kusekwa zvakare.

Uye chokwadi ndechekuti, vanhu vaivanyomba vairatidzika sevanhu vaifara zvikuru uye vaine nguva yakanaka. Saka zvimwe kana vakasiya muti, vaizotambirwa mugungano rezimba guru rakapamhama uye vagorumbidzwa nekufunga kwavo, nenjere dzavo, nekutsvinda kwavo.

Rambai muri paNzira

Masisita anodikamwa, shamwari dzinodikanwa, kana mukazviona zvakaoma kubatirira zvakasimba kudanda resimbi uye muchifamba makashinga makananga kuruponeso; kana kuseka nekunyomba kwevamwe avo vanoratidzika sevanoziva zvavarikuita kuchikuitai kuti muzunguzike; kana muchinetsekana nemibvunzo isina kupindurwa kana dzidziso dzamusati mava kuzwisisa; kana muchinzwa kusuwa nokuda kwezvigumbu, ndinokukurudzirai kuyeuka chiroto chaRihai.

Rambai muri munzira!

Musambofa makaregedza danda resimbi—shoko raMwari!

Uye kana mumwe munhu zva-ke akaedza kukuitai kuti munyadziswe nekutora rudo rwaMwari, musamuteerere.

Usambofa wakakanganwa kuti uri mwana waMwari; maropafadzo akapfuma akakumirira: kana ukakwanisa kudzidza kuita kuda Kwavo, uchagara Navo zvakare!⁷

Vimbiso dzerumbidzo uye dzekubvumwa nenyika hadzina kuvimbika, hadzisi dzechokwadi, uye hadzigutse. Vimbiso dzaMwari dzinoitika, nde-dzechokwadi, dzine rufaro—iyezvino uye nokusingaperi.

Ndinokukokai kuti mufunge chite-ndero nerutendo kubva mumaonero epamusoro-soro. Hapana zvinopihwa muzimba guru uye rakapamhama zvinokwanisa kuenzana nemuchero wekurarama vhangeri raJesusu Christu.

Zvechokwadi, "izvo zvisina kuonekwa neziso, kana kunzwicka nenzeve, nezvisina kupinda mumwoyo womunhu, ndizvo Mwari zvaakagadzirira vanomuda." ⁸

Ndakazvidzidzira pachangu kuti nzira yehudzidzi muvhangeri raJesusu Kristu ndiyo nzira yekurufaro. Ndiyo nzira yekudziviriro nerunyararo. Ndiyo nzira yekuchokwadi.

Ndinopupura kuti nechipo nesimba reMweya Mutsvene, munokwanisa kudzidza izvi pachezvenyu.

Parizvino, kana nzira ikava yakao-ma kwamuri, ndinovimba muchazowana utiziro nesimba mumasangano edu akanakisisa eChechi: Puraimari, Vasikana Vechidiki, neChita cheRubatsiro. Akaita senzvimbo dzezororo munzira, umo mamunokwanisa kuvandudza ruvimbo nerutendo rwenyu rwerwendo rwuri mberi. Dzimba dzine dziviriro, uko kwamunonzwa manzwiwo ekuvaweko uye kwamunogashira kurudziro kubva kumasisita enyu nevakambidzani venyu muhudzidzi.

Zvinhu zvamunodzidza muPuraimari zvinokugadzirirai kuzvimwezve zvokwadi zvamunodzidza sevasikana vechidiki. Nzira yehudzidzi yamunofamba mumakirasi enyu eVasikana Vechidiki inotungamirira kuhufambidzani nehukama hwemuChita

cheRubatsiro. Nenhano yega yega muchifamba nemunzira, munopihwa mimwezve mikana yekuratidza rudo rwenyu rwevamwe kuburikidza nezviito zverutendo, tsitsi, rudo rwakadzama, hunhu hwakanaka, nekushandira.

Kusarudza nzira yehudzidzi kunozotungamirira kurufaro nekugutsikana kusingataurike kwemasikirwo enyu ehumwari.

Hazvisi zvinozova nyore. Zvichada zvakanakisisa zvamuinazvo—njere dzenyu dzese, mafungiro ane unguwaru, rutendo, kutendeka, simba, ushingi, nerudo. Asi rimwe zuva muchatarisa shure pamusoro pekedza kwenyu, uye muchazotenda zvikuru kuti makaramba makasimba, kuti makatenda, uye kuti hamuna kubva munzira.

Rambai Muchifambira Mberi

Pangangove nezvinhu zvizhinji pamusoro peupenyu zvamusina simba pazviri. Asi mukupedzisira, munesimba rekusarudza zvese magumo enyu nezvitiko zvenyu zvizhinji zvamunosangana nazvo munzira yacho. Kazhinji hadzisi kwaniso dzenyu asi sarudzo dzamunoita ndidzo dzinoita siyano muupenyu. ⁹

Hamufanire kubvumira mamiriro ezvinhu kuti aite kuti musuwe.

Hamufanire kuabvumira kuti aite kuti mutsamwe.

Munokwanisa kufara kuti uri mwanasikana waMwari. Munokwanisa kuwana mufaro nekufara munyasha dzaMwari uye murudo rwaJesusu Kristu.

Munokwaisa kufara.

Ndinokukurudzirai kuzadza mwoyo yenyu nekutenda kwerunako rwaMwari ruzhinji uye rusina magumo. Masisita angu anodikanwa,

munokwanisa kuita izvi! Ndinonamata nerudo rweze rwemweya wangu kuti munozoita sarudzo yekuramba muchienda makananga kumuti weupenyu. Ndinonamata kuti munozosarudza kusimudza izwi renyu uye moita upenyu hwenyu rumbo runoshamisa rwerumbidzo, muchifara muneizvo zvinokwanisa kuunzwa kunyika nerudo rwaMwari, nezvishamiso zveChechi Yavo, uye nevhangeri raJesusu Kristu.

Vamwe vanhu vangangofunga kuti hudzidzi hwechokwadi hunorwadza kana kuva mutoro mukuru kuru. Kubvira pakutanga kwenguva, izvi zvakananga zvakanadaro.

Asi kuna Baba vedu Vekudenga uye nekune avo vanovada nekuVakudza, rumbo rwakakosha zvikurusa uye rwakanaka—rumbo rukuru uye runotsvenesa rwerudo rwerudzi-kinuro nemushandiro kuna Mwari nevamwe vedu. ¹⁰

Ndinokusiirai ropafadzo ranguseMuapostora waIshe rekuti munozowana simba neushingi hwekurarama semwanasikana waMwari muchifamba nemufaro zuva rega rega panzira inoshamisa yehudzidzi. Nemuzita rinoyera raJesusu Kristu, ameni.

ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona 2 Nifai 2:14, 26
2. Ona Ruka 15:4–6
3. Boston College, "Study Finds Intractable Conflicts Stem from Misunderstanding of Motivation," *ScienceDaily*, Mbudzi 4, 2014, sciencedaily.com.
4. Mateo 5:44–45
5. Mateo 5:44.
6. Ona 1 Nifai 8.
7. Ona "I Am a Child of God," *Children's Songbook*, 2–3.
- 8.1 Vakorinte 2:9
9. Ona "The Most Inspirational Book Quotes of All Time," pegasuspublishers.com/blog.
10. Ona Aruma 5:26